



## Kesyon pou poze lè w ap vizite yon lekòl pou yon elèv ki nan edikasyon espesyalize

### 10 MEYÈ KONSÈY POU VIZIT LEKÒL

1. Rele anvan w ale epi mande ki jou ak ki lè ki pi bon pou w vizite.
2. Mache ak yon kòpi IEP pitit ou a ki resan ak ajou.
3. Ekri dat ou te vizite lekòl la.
4. Ekri non ak tit moun ki te pale avè w pandan vizit ou a.
5. Dekri pitit ou a pou pèsonèl lekòl la. Esplike ki sèvis espesyalize pitit ou a ap benefisye.
6. Mande kòman vizit pou paran yo mache dabitid.
7. Eseye obsève nan yon manyè ki pasif ; gade sèlman ; pa deranje sal la.
8. Pran nòt. Ekri bagay pozitif ou te wè ak bagay ou pa renmen tou.
9. Poze kesyon si w pa konprann yon bagay oswa si w gen yon enkyetid.
10. Fòk ou konsyan ke pifò moun santi yo jennen lè gen yon moun k ap obsève yo.

### LEKÒL LA AN GWO

#### **Men kèk kesyon w ka poze...**

- Ki ane lekòl la sèvi ?
- Ki andikap lekòl la sèvi ?
- Konbyen ane elèv yo pase isit la dabitid ?
- Èske gen lòt lekòl nan batiman an ? Ki ane yo sevi ? Èske elèv yo nan lekòl sa a pataje espas oswa gen yon enteraksyon avèk elèv lòt lekòl ki nan batiman an ?
- Èske gen opòtinite pou pitit mwen an enkli nan aktivite ansanm ak lòt elèv ki gen andikap ? Si wi, kòman lekòl la fè sa ?
- Èske gen nenpòt aktivite, pwogram, oswa ekip espòtif ki fèt apre lekòl la lage ? Kisa yo ye ? Kòman lekòl la aranje transpò nan bis pou aktivite sa yo ?
- Èske elèv yo mete inifòm ? Èske inifòm yo obligatwa ?
- Èske gen rekreyasyon chak jou ? Kikote li fèt ?
- Kilè epi kikote yo sèvi manje midi ? Ki aranjman nou fè pou elèv ki fè alèji ak yon seri manje ? Èske elèv ki gen andikap yo manje ansanm ak lòt elèv yo ? Konbyen elèv ki nan refektwa a nan yon sèl moman ?

### **Men kèk bagay pou verifye...**

- ✓ Èske batiman an pwòp epi tout bagay byen òganize ?
- ✓ Kisa yo afiche nan koulwa yo ak sou tablo afichaj yo ?
- ✓ Èske batiman an sanble two chaje, oubyen li sanble two vid ?
- ✓ Si lekòl la gen inifòm, eskè elèv yo pòte inifòm yo vreman ?

## SAL KLAS LA

### **Men kèk kesyon w ka poze...**

- Nan ki klas nou ta mete pitit mwen an ?
- Konbyen elèv ki genyen nan sal la ?
- Konbyen pwofesè ki genyen ?
- Konbyen asistan pwofesè oswa parapwofesyonèl ki genyen ? Ki fòmasyon parapwofesyonèl yo te swiv ? (Men kèk egzanp : fòmasyon sou ranfòsman konpòtman, fòmasyon sou lasante, elatriye)
- Konbyen elèv ki genyen pou chak pwofesè ? Asire w ke montan sa a annakò ak IEP pitit ou a.
- Èske timoun yo travay poukont yo, nan ti gwoup, oswa tout klas la travay ansanm ?
  - Nan ki fason w fè ansèyman endevidyalize oswa nan ti gwoup ?
  - Chak kilè pitit mwen an ap travay nan ti gwoup (ki pi piti pase kantite elèv ki genyen nan saldeklas la nòmman) ?
- Èske elèv ki gen diferan kalite andikap nan menm saldeklas la ansanm ?
  - Ki kalite andikap yo genyen ?
  - Kòman lekòl la chwazi nan ki gwoup yo mete chak elèv ?
  - Èske lekòl la pral fè nenpòt nouvo evalyasyon pou deside nan ki klas yo pral mete pitit mwen an ? Si wi, ki kalite evalyasyon y ap itilize ?
- Konbyen ane oswa laj diferan yo mete ansanm nan yon sèl saldeklas ?

### **Men kèk bagay pou verifye...**

- ✓ Kikote saldeklas la site anndan batiman an ?
- ✓ Ki materyèl ak ekipman ki disponib nan saldeklas la ? Èske yo aksesib, apwopriye ak enteresan ?
- ✓ Èske yo afiche travay elèv yo ?
- ✓ Sou kisa elèv yo ap travay ? Kòman sa konpare ak kapasite pitit ou a ?
- ✓ Èske elèv yo patisipe nan travay lekòl yo ?
- ✓ Èske saldeklas la aksesib pou pitit ou a ?

## PWOFESÈ A

### **Men kèk kesyon w ka poze...**

- Kiyès ki ta pwofesè pitit mwen an ?
- Konbyen tan pwofesè a genyen depi l ap travay nan lekòl la ?
- Konbyen eksperyans yo genyen ap travay ak timoun ki gen andikap ? Konbyen eksperyans yo genyen ak timoun ki gen menm andikap ak pitit mwen an ?
- Kòman yo sèvi ak teknoloji ki la pou ede moun ki gen bezwen espesyal nan saldeklas la ?
- Kòman yo kolabore ak founisè sèvis k ap travay nan menm domèn nan ?

### **Men kèk bagay pou verifye...**

- ✓ Èske pwofesè a gen anpil kapasite pou anseye elèv yo an jeneral ?
  - Èske li bay enstriksyon etap pa etap, e èske yo divize tach yo nan plizyè etap ?
  - Èske li fasil pou konprann li ?
- ✓ Èske li prezante enfòmasyon yo nan yon lòt fason lè yon elèv gen pwoblèm pou l konprann ?
- ✓ Èske pwofesè yo ak asistan yo sanble yo travay byen ansanm ?
- ✓ Èske timoun yo sanble yo renmen pwofesè yo ?
- ✓ Èske yo site non timoun yo lè y ap pale avè yo ?

## KOURIKOULÒM

### **Men kèk kesyon w ka poze...**

- Kòman orè a ye chak jou ? Èske li menm chak jou ?
- Ki kalite ansèyman pitit mwen an pral resevwa ? Kisa y ap aprann nan matyè...
  - Lekti ak ekriti ?
  - Matematik ?
  - Syans ?
  - Etid sosyal ?
- Ki kourikoulòm oswa pwogram lekòl la itilize ?
- Kòman lekòl la mezire pwogrè ?
- Ki egzamen nòmalize elèv yo pase ?
- Kilè elèv yo travay sou objektif IEP yo ? Kiyès ki travay sou objektif IEP pitit mwen yo ?
- Èske gen elèv ki pase lòt kalite egzamen espesyal ? Konbyen ?
- Èske lekòl la bay kou ratrapaj nan lekti ak matematik ? Kòman sa fonksyone ?
  - Èske tout elèv benefisye kou ratrapaj yo, oubyen se kèk grenn sèlman ?
  - Chak kilè epi nan ki lokal kou ratrapaj yo fèt ?
  - Èske yo fèt nan ti gwoup oswa ade (2) ?
  - Èske gen kèk pwogram lekti ak matematik espesifik (pafwa yo rele sa yo metòdoloji) pou ratrapaj la ?
  - Ki fòmasyon pèsonèl lekòl yo te swiv sou ratrapaj ?
- Èske aptitud lavi kotidyen yo fè pati kourikoulòm nan ? Ki pwogram oswa eksperyans lekòl la ofri ?
  - Èske lekòl la ofri nenpòt ansèyman oswa aprantisaj deyò lekòl la nan kominote a (nan labank, nan yon makèt, elatriye), ki souvan rele ansèyman dispans nan kominote a ? Kòman konsepsyon pwogram sa yo fèt ?

### **Men kèk bagay pou verifye...**

- ✓ Ki manyèl eskolè lekòl la itilize ? Èske yo sanble yo gen rapò ak yon metòdoloji / pwogram byen detèmine ?
- ✓ Èske gen tab anlèt pou ansèyman nan ti gwoup ?
- ✓ Kiyès k ap anseye nan sal la ? Èske parapwofesyonèl la konn ap fè kou (pa egzanp, èske l ap fè travay pwofesè a ta sipoze ap fè a) ?

## SÈVIS ASOSYE

### **Men kèk kesyon w ka poze...**

- Poze kesyon sou founisè sèvis asosye yo. Èske lekòl la ofri...
  - Otofòni ?
  - Ègoterapi ?
  - Terapi fizik ?
  - Sèvis konsèy ?
  - Kiyès ki bay oryantasyon an (konseye oryantasyon, travayè sosyal, oswa sikològ ?)
  - Èske lekòl la gen nempòt pwogram oswa gwoup ki konsantre sou konpetans sosyal ?
  - Èske gen lòt sèvis terapi lekòl la founi ?
- Konbyen jou chak semèn terapris yo nan batiman an ap travay ak elèv yo ?
- Èske lekòl la gen kapasite pou reponn ak tout egzijans ki nan IEP pitit mwen an ki gen rapò ak sèvis asosye ?
- Kòman yo tabli orè pou sèvis asosye yo ?
- Nan ki lokal sèvis asosye yo dispanse ?
- Èske lekòl la gen yon sal sansoryèl oswa yon jimnazyòm ?

### **Men kèk bagay pou verifye...**

- ✓ Èske lekòl la gen lokal apa pou founi sèvis asosye ? Èske plizyè terapris oblije pataje yon sèl espas ?
- ✓ Èske elèv yo benefisye sèvis asosye yo nan koulwa yo oswa nan lòt espas piblik ? Èske yo kapab konsantre sou sa y ap fè a, oswa yo distrè ?
- ✓ Si lekòl la gen yon sal sansoryèl oswa yon jimnazyòm, ki ekipman ou wè ki ladan l ?

## ENTÈVANSYON POU KONPÒTMAN

### **Men kèk kesyon w ka poze...**

- Èske lekòl la gen yon sistèm konpòtman l ap itilize ki inivèsèl pou tout lekòl la ?
  - Si lekòl la itilize nivo, kisa l vle di pou yon elèv nan chak nivo byen detèmine ?
  - Si lekòl la itilize ankourajman pozitif ki inivèsèl pou tout lekòl la, kisa yo ye ?
- Kòman lekòl la jere ka disiplinè ?
- Èske lekòl la gen yon analis sou konpòtman ki gen sètifika pou pratike pwofesyon li a ?
- Kòman lekòl la reyaji lè yon elèv afiche yon move konpòtman oswa lè gen yon kriz ?
- Èske lekòl la konn itilize kontrent fizik ?
  - Kòman lekòl la deside lè pou l anplwaye kontrent fizik ?
  - Èske pèsònèl yo te resevwa fòmasyon sou kòman pou itilize kontrent fizik ?
  - Konbyen elèv ki te sibi yon kontrent fizik pandan mwa ki sòt pase a ?
- Èske lekòl la en yon sal « detansyon » ?
  - Kilè yo voye elèv yo nan sal « detansyon » an ? Konbyen tan yo konn pase nan sal « detansyon » an ?
  - Konbyen elèv ki te pase tan nan sal sa a pandan mwa ki sòt pase a ?
  - Kiyès ki sipèvizè elèv yo lè yo nan sal « detansyon » an ?
  - Èske m mèt wè sal sa a ?

### **Men kèk bagay pou verifye ...**

- ✓ Èske pwofesè a gen kontwòl saldeklas la ?
- ✓ Èske gen elèv k ap mache nan koulwa yo san sipèvizyon ?
- ✓ Èske pèsònèl yo konn rele sou elèv yo ? Èske gen elèv k ap rele sou moun ?
- ✓ Kòman pèsònèl la jere sityasyon lè elèv yo entewonp sal la ?
- ✓ Kòman elèv yo reyaji fas ak chanjman nan klas la oswa peryòd pòz ant klas yo ?

## PATISIPASYON PARAN YO

### **Men kèk kesyon w ka poze...**

- Èske paran yo gen dwa obsève saldeklas la ? Èske yo dwe fikse yon randevou anvan yo fè sa ?
- Kòman paran yo kapab rete an kontak ak pwofesè a oswa terapis la ?
- Kilè / kòman yo fikse reyinyon ak paran yo ? Èske w rankontre paran yo regilyèman ?
- Kilè ak kòman yo pataje rapò sou pwogrè elèv yo ?
- Èske gen yon òganizasyon paran oswa yon gwoup sipò ki egziste pou paran yo ?
- Èske w ofri pwogram fòmasyon pou paran yo ?

### **Men kèk bagay pou verifye...**

- ✓ Kòman yo te resevwa w lè w te antre nan batiman an ?
- ✓ Èske gen afich nan lekòl la pou akeyi paran k ap vizite ?
- ✓ Èske gen afich oswa materyèl ki tradwi nan lòt lang ?
- ✓ Èske gen lòt paran nan lekòl la ka p fè vizit tou ? Kòman yo renmen lekòl la ?
- ✓ Kòman pèsònèl lekòl yo trete paran yo ? Èske yo sanble yo fache ?

## SIPÒ POU TRANZISYON / APRE FEN LEKÒL SEGONDÈ

### **Men kèk kesyon w ka poze...**

- Chak kilè elèv yo tranzisyon nan anviwonman ki gen mwens restriksyon ?  
→ Kòman lekòl la deside kilè yon elèv pre pou l tranzisyon ?
- Kikote pifò elèv yo ale lè yo kite lekòl sa a ?
- Kiyès ki responsab pou planifye pou pwosesis tranzisyon an ?
- Èske elèv yo patisipe nan staj oswa pwogram fòmasyon pwofesyonèl ?  
→ Ki konsepsyon pwogram sa yo genyen ?  
→ Kòman w deside kiyès ki pral patisipe nan pwogram sa yo ?  
→ Èske pwogram sa yo baze nan lekòl la oswa nan kominote a ?
- Èske gen yon biwo pou inivèsite ak pwofesyon ?